



Pou Piblikasyon Imedya: 04/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 60 MILYON DOLA SIBVANSYON POU FOUNISÈ
SWEN SANTE MANTAL AK TOKSIKOMANI YO POU BESE KOU YO EPI
AMELYORE REZILTA YO**

***Finansman an pral kontinye soutni transfòmasyon Medicaid New York la an swen
sante entegre***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse New York pral bay founisè sèvis sante mantal ak toksikomani yo 60 milyon dola sibvansyon sou twa lane nan kad transfòmasyon sistèm Medicaid Eta a. Sibvansyon yo pral ede founisè sante konpòtman yo transfòme an yon modèl ekonomik Peman Baze sou Valè, ki rekonpanse kalite swen ak pi bon rezilta sou sante, olye de kantite sèvis yo bay yo.

“Finansman sa a pral ede garanti Nouyòkè ki nan bezwen yo jwenn sèvis sante mantal esansyèl yo, pandan an menm tan n ap kontinye travay nou an pou fè Medicaid alafwa pi efikas ak pi bon mache”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se yon lòt pa annavan nan objektif pou vin gen yon vil New York ki pi solid epi ki pi an sante.”

Gouvènè Cuomo te kòmanse Ekip Restriktirasyon Medicaid Eta a (State's Medicaid Redesign Team) an 2011 pou fondamantalman restriktire pwogram Medicaid New York la pou amelyore lasante, ogmante kalite, epi bese kou swen sante yo. Okontrè lòt estrateji eta a genyen yo pou restriktire Medicaid ki apiye sou retire avantaj nan men moun ki gen revni ba yo oswa bese peman founisè yo kòm mwayen pou redui kou Medicaid yo, New York reyisi kontwòle kou yo epi an menm tan amelyore kalite swen yo.

Y ap akòde 19 rezo founisè swen sante konpòtman yo chwazi, yo rele Kolaboratif Swen Sante Konpòtman (Behavioral Health Care Collaboratives, BHCC), fon yo pou ede yo konbine swen yo nan tout evantay sèvis sante fizik ak sante konpòtman yo.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, “Gouvènè Cuomo avèk mwen pran plezi ofri founisè tretman sante mantal ak toksikomani yo asistans finansye sa a pandan y ap pase a yon sistèm ki peye dapre rezilta olye de dapre kantite. Finansman sa a pral ede amelyore konbinezon swen sante konpòtman ak sante fizik epi pi byen sèvi moun ki gen maladi mantal yo. Li pral pèmèt founisè sante konpòtman yo elabore zouti ki nesèsè yo pou demontre kalite sèvis yo epi reyisi nan yon sistèm ranbousman ki baze sou valè”.

Komisyonè OASAS, Arlene González-Sánchez, te di, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, sistèm Medicaid Eta New York la ap evolye pou ofri swen sante pi bon kalite pi

efikasman. Sibvansyon sa yo pral fè efò sa yo vanse epi ranfòse plis toujou kolaborasyon an ant sèvis sante fizik ak sante konpòtman yo, sa ki esansyèl pou reyisi trete moun ki gen pwoblèm toksikomani ki gen dwa gen difikilite tou avèk lòt pwoblèm emosyonèl oswa pwoblèm konpòtman”.

Komisyone DOH Dte Howard Zucker te deklare, “Entegrasyon sante konpòtman nan kad swen primè a se yon bi ki enpòtan anpil nan efò Depatman an pou li fè sante mantal kalite siperyè ak tretman toksikomani vin pi aksesib pou moun ki bezwen li yo. Gras a soutyen Gouvènè Cuomo, fon sa yo pral fè vanse efò nou yo pou transfòmè endistri swen sante New York la an youn ki bay valè ak kalite priyorite. Selon nouvo modèl swen sante sa a, moun ki souffri pwoblèm sante konpòtman ak toksikomani pral resevwa ankadreman yo bezwen an yon fason pi efikas”.

Senatè George Amedore, ki se Prezidan Komite sou Alkolis ak Toksikomani nan Sena a (Senate Alcoholism and Substance Abuse Committee), te deklare, “Pa gen dout nou dwe jwenn pi bon solisyon pou sistèm swen sante nou an. Kòm eta, nou dwe kontinye pran devan nan sa ki gen pou wè avèk sèvis sante mantal ak toksikomani. Finansman sa a se yon pa nan bon direksyon an pou ofri moun ki gen pwoblèm mantal swen bon kalite. Li pral ranfòse apwòch nou an sou sèvis sante konpòtman nan bay founisè yo zouti ki nesèsè yo pou trete pasyan yo epi pwodui pi bon rezilta yon fason efikas”.

Senatè Robert G. Ort, ki se Prezidan Komite sou Sante Mantal Sena a (Senate Mental Health Committee), te di, “Garanti Nouyòkè ki bezwen sèvis sante mantal ak toksikomani yo resevwa tretman pi bon kalite ki genyen gen menm enpòtans avèk jwenn tretman an menm. Kòm eta, nou dwe ankouraje founisè sante yo amelyore sitiyasyon chak moun yo trete, epi rekonpanse yo lè yo bay sèvis ki depase atant yo. Fon sa yo nou mete sou kote pral chanje jan founisè sante yo opere, epi ede pouse swen mantal nan yon nouvo epòk amelyore”.

Manm Asanble Aileen Gunther, ki se Prezidan Komite sou Sante Mantal Asanble a (Assembly Committee on Mental Health), te di, “Pasaj sistèm sante konpòtman an a peman baze sou valè se yon kokennchenn chanjman pou founisè yo k ap okipe moun ki gen maladi mantal. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li ede garanti resous yo disponib pou fè chanjman sa a reyisi”.

Manm Asanble Linda B. Rosenthal, Prezidan Komite sou Alkolis ak Abi Sibstans nan Asanble a (Assembly Committee on Alcoholism and Drug Abuse), te deklare, “Pwoblèm toksikomani ak sante mantal souvan rive ansanm. Menm si lòt resous ap toujou nesèsè pou atake epidemi sa a nèt, Gouvènè Cuomo rekonèt sajès rezève fon pou founisè yo pou ede moun k ap lite avèk demon marasa sa yo”.

Sibvansyon sa yo finanse gras a Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la, Biwo Sèvis pou Alkolis ak Toksikomani (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS) Eta New York la, ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la.

Yo akòde finansman an pa rejyon pou garanti BHCC ki annapre yo kouvri toupatou nan eta a pandan twa lane k ap vini yo:

Behavioral Health Care Collaborative (BHCC)	Rejyon	Sibvansyon
Coordinated Behavioral Care (CBC)	New York City	\$ 5,000,000
Institute for Community Living (ICL)	New York City	\$ 5,000,000
Recovery Health Solutions IPA	New York City, Long Island	\$ 5,000,000
Mental Health Providers of Western Queens	New York City	\$ 4,901,000
Value Network	Western New York	\$ 4,611,000
Advanced Health Network (AHN)	New York City, Long Island	\$ 4,082,000
Genesee County	Finger Lakes, Southern Tier, Western New York	\$ 3,300,000
Lower East Side Service Center	New York City	\$ 3,001,000
Bailey House	New York City	\$ 2,583,000
Access Supports for Living	Mid-Hudson	\$ 2,571, 000
The Guidance Center of Westchester	Mid-Hudson	\$ 2,421,000
Syracuse Brick House	Central New York	\$ 2,418,000
Equinox	Capital Region, Mohawk Valley, North Country	\$ 2,316,000
Finger Lakes Area Counseling and Recovery Agency (FLACRA)	Finger Lakes, Southern Tier, Western New York	\$ 1,767,000
Citizens Advocates	North Country	\$ 1,725,000
FCS of Cortland	Central New York, Southern Tier	\$ 1,641,000
The Neighborhood Center	Central New York, Mohawk Valley, Southern Tier	\$ 1,785,000
Hillside Children's Center	Finger Lakes, Southern Tier, Western New York	\$ 1,521,000
Children's Home of Jefferson County	North Country	\$ 750,000

Finansman an pral ede BHCC yo chwazi yo ogmante kalite swen pasyan yo resevwa pou amelyore rezilta yo sou sante konpòtman ak sou sante fizik. Sibvansyon yo pral sèvi pou yon gran varyete amelyorasyon nan swen sante, tankou paregzanp:

- Idantifikasyon twou yo nan sekans swen an, pou pi byen voye pasyan an nan pwochen nivo swen sante entegre a;
- Garanti kontwòl kontinyèl planifikasyon swen yo, pou evite depans inital ak konplikasyon inevitab;
- Idantifikasyon opòtinite pou amelyorasyon rezilta ak rediksyon kou;
- Amelyorasyon kapasite yo an teknoloji enfòmasyon pou pataje done avèk lòt founisè ak kolaboratè yo yon fason pi efikas;
- Elaborasyon yon pwosede amelyorasyon kalite pou reyaji lè yo pa okipe pwoblèm yo oswa lè yo pa respekte endikatè kalite yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418